# ҚАРАҚАЛПАҚ ЛИРИКАСЫНДА НАСЫРЫЙ ҚОСЫҚЛАР

(1990-2000-жыллар)

**Тлеуниязова Гүлмира Байниязовна**

*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты, Нөкис*

**Аннотация:** Мақалада қарақалпақ лирикасындағы насырый қосықлардың жанрлық өзгешелиги сөз етилген. Насырый қосықлардың ишки қурылысындағы жетекши принциплер көрсетип берилген. Олардың қосық пенен жазылған лирикалық шығармалардан парқы анықланған. Насырый қосыклардың композициясы да ҳәр бир шайыр дөретиўшилигинде индивидуаль өзгешеликке ийе екенлиги ҳаққында жуўмаққа келинген.

**Таяныш слова:** Насырый қосық, жанр, тенденция, ишки композиция, интонация.

Соңғы жыллардағы жәмийетлик-сиясий ҳәм тарийхый турмысында жүз берген елимиздиң ғәрезсизликке ерисиўи ҳәм пүткил дүнья жүзлик глобал интеграцияласыў процесиниң тәсири әдебиятта да өзиниң сәўлелениўин тапты. Сонлықтан, өзинен алдынғы әдебий дәстүрлерди даўам етиўи менен бирге бул дәўир әдебияты бир қатар өзгешеликке де ийе болды. Әдебиятшы Қ.Оразымбетов ғәрезсизлик дәўири қарақалпак әдебиятының өзине тән сыпатларын: миллий өзликти аңлаўға болған умтылысларда, образлар дүньясын дөретиўде еркин қатнастың жүзеге шыққанлығында, лирикалық жанрлардың шегарасы айдынласқанлығында, жаңа лирикалық формалардың пайда болыўы менен бирге жаңа сүўретлеў усыллары да жүзеге келгенлигинде, айырым шайырлардың дөретиўшилик шеберлигиниң артқанлығында екенлигин атап өтеди [Оразымбетов 2018, 102-113]. Жаңа дәўир қарақалпақ поэзиясы тек ғана тема, проблема ҳәм идеялар менен жаңаланып, кеңейип қалмады, ал, олардың сәўлелениў тәризи, көркем формалар таңлаў шеберлиги, стильлер көптүрлилиги де өзгериске бет бурды. Халық жолына салынып дөретилген терме-толғаў формасынан баслап, шығыс жанрлары ғәззел, мәснаўий, рубайы, модернизм жөнелисиндеги қосықлар насырый қосық формалары ҳәм аралық жанрлар пайда болды. Дурыс, бул формалардың көпшилиги алдынғы поэзиямызда да бар еди. Бирақ, олар енди жаңа дәўир проблемалары, ғәрезсизлик дәўири адамының ишки дүньясы ҳәм умтылысларын сүўретлеўге бойсындырылған жаңа идеялар, жаңа образлар, жаңа сүўретлеў қураллары ҳәм усыллары өз сәўлелениўин таба баслады. Сонлықтан, бул дәўирдеги лирикада жанрлардың раўажланыўы өз алдына қубылыс болды.

Әдебияттаныў илиминде аралық жанрлар сыпатында тән алынған проза тили менен жазылған лирикалық шығармалар ҳәзирги қарақалпақ лирикасында

Х.Дәўлетназаров, И.Өтеўлиев, С.Ибрагимов, Д.Шерниязова, Д.Қурбаниязов, Б.Машарипова ҳәм т.б. дөретиўшилигинде ушырасады. Қарақалпақ лирикасындағы насырый қосықлардың жанрлық ҳәм формалық өзгешеликлери бойынша О.Гайлыева кең түрде арнаўлы изертлеў жумысларын алып барды [Гайлыева 2006, 2018]. Насырый қосықлардың жанрлық ҳәм формалық өзгешеликлери "биринши нәўбетте, сыртқы көринисиндеги өзине тән, яғный, поэтикалық сөйлеў формасының аралас ҳалда келгени,... екиншиден, уйқастың ишки интонацияны тәмийнлеў" [Гайлыева 2018, 88] де көзге тасланады. Сондай-ақ, олардағы қосықлық өлшем ҳәм уйқастың болмаўы бундай лирикалық шығармалардың ишки ҳәм сыртқы композициясында да өзгешеликти пайда етеди. Насырый қосықлардың сыртқы композициясы олардың жанрлық ҳәм формалық қәсийетлеринен келип шығып, текстлик дүзилиси (гәп, абзац) ҳәм синтаксислик конструкциялардың жайласыўына қарап анықланады. Ал ишки композициясы автордың ой-пикирди көркем жеткерип бериўдеги индивидуал изленислерине байланыслы анықланады.

Қара сөз бенен жазылған лирикалық шығармаларда (насырый қосықларда) лирикалық қосық композициясындағы ой-пикирди бериўдиң үш бөлимли қурылысы: баслаў-ен жайыў-жуўмақ бөлимлери болыўы менен бирге, классикалық улгидеги тезис-тезис-антиезис-синтез үлгидеги композиция онша қатаң сақланбайды. Оларда ишки композицияда ең дәслеп жетекши кеширмени анықлап алыў талап етиледи. 2) Усы кеширмени жеткерип бериўдеги композициялық курылыстың уйғынлығын, оның берилген ойларды сәўлелендириўге бағындырылғанлығын анықлаў; 3) қосықта сәўлеленген лирикалық жағдайды ҳәм оның негизинде жатырған турмыслық жағдайды анықлаў; 5) поэтикалық шығарманы тийкарғы бөлеклерге ажыратыў: олардың байланысларын көрсетиў (эмоционаллық картинасын сызыў), қайсы бөлим шешиўши әҳмийетке ийе екенлигин анықлаў; 6) Гәплердиң ямаса синтаксислик конструкциялардың өзара қалай байланысқанын анықлаў. Бунда тийкарынан бәнтлик қатарлар емес, ал, ҳәр бир гәп тамамланған ойды билдиретуғынын ямаса гәпте тийкарғы ойдың бөлимлери ашылып берилгенлигин, гәплердиң мәниси (мазмуны) қандай композициялық усыллар яки жәрдемши композициялық бирликлер менен жеткерилип берилгенлигин анықлаў талап етиледи. Мысалы: *«... Тық, тық, тық, тық, тық, тық, тық...» Әтирап тым-тырыс, тым-тырыс... Тек бир ғана ырғақта тасланған қәдемлердиң даўысы. Едендеги мәрмер таслар назлы басылған нәзик қәдемлерден толқып атырғандай, қытығы келип күлип атырғандай* [Дәўлетназаров 1993]». Үзинди «Сениң аяқларыңның ҳаўазы» деп аталған Х.Дәўлетназаровтың насырый қосығынан алынған. Қосықта 6 абзацта (таза қатарда) лирикалық қаҳарманның өз сүйгениниң қәдемлериниң сестине байланыслы туйғылары сәўлеленеди.

Мазмунның жеткерилип берилиўиниң композициялық избе-излиги абзацлар арқалы тәмийнленген. Абзацлардағы гәплердиң саны бойынша қурылысы төмендегише: 1=4; 2=5; 3=4; 4=5; 5=3; 6=1.

Биринши абзацтағы төрт гәп үш бөлимли композициялық курылыс бойынша таллағанда баслаў ўазыйпасында келген. Кейинги екинши ҳәм үшинши бөлимде пикир параллель тәризде, ал, төртинши ҳәм бесинши бөлимлерде күшейтиў ҳәм қарама-қарсы қойыў усылында пикирлер раўажландырылған. Соңғы алтыншы абзац өз алдына жуўмақ ўазыйпасын атқарған. Ал, ой-пикирди бериўдиң дәстүрий үлгиси бойынша талқыға тартқанда, дәслепки үш абзац тезис, төртинши абзац анитезис, бесинши абзацта тезис, соңғы абзац (*«Биз өкшелер маған, мениң жаныма сайрам-сайрам из салып өтип баратыр!..»*) синтез ўазыйпасын атқарғанлығын көремиз.

Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында Х.Дәўлетназаровтың лирикасында ушырасатуғын насырый қосықлардың композициялық курылысында интонацияның берилиўинде риторикалық сораўлар, риторикалық каратпалар, қайталаўлардың бир неше түрлери, градация ҳәм қатара қойып сүўретлеў усыллары басқа шайырларға қарағанда көбирек қолланылады. Деген менен, насырый қосықларда ырғақ ҳәм интонация қайталаўлар, қысқа ҳәм эмоциональлыққа бай гәплик конструкциялар арқалы тәмийнленетуғынын есапқа алсақ, шайырдың айырым насырый қосыкларында кеширмени сәўлелендириўден гөре қурғақ баянлаўға қурылғанлары, гәплердиң созыңқылығы да ушырасады («Сиз муҳаббатты күтетуғын шығарсыз?», «Ана тилим!» ҳәм т.б.).

Проза тилиндеги лирикалық қосықлардың көлеми ҳәр бир шайыр дөретиўшилигинде ҳәр түрли. Айырымларында тек лирикалық толғаныс көзге тасланса, айырымларында сюжет ҳәм лирикалық шегинислер қатнастырылады. Бирақ, олардағы сюжет ҳәм лирикалық шегинислер лирикалық қосықлардағы сыяқлы жетекши кеширмени еле де тереңирек жеткерип бериў хызметин атқарады. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында проза тилиндеги лирикалық қосықлар лирикадағы жаңа тәжирийбелер болып, олардың композициясы өз алдына үйрениўди талап етеди.

## ӘДЕБИЯТЛАР:

1. Гайлыева О. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында аралық формалардың жанрлық ҳәм формалық қәсийетлери (1970-2000-жыллардағы еркин қосық ҳәм насырый қосықлар) // филол. илим. канд. дисс. – Нөкис, 2006.

2. Гайлыева О. Ғәрезсизлик дәўири түркий халықлар лирикасында формалық изленислер ҳәм олардың типологиясы (Өзбек, қарақалпақ, түркмен лирикасы мысалында). – Нөкис: Билим, 2018.

3. Дәўлетназаров Х. Хош қал, жаслығым. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1993.

4. Оразымбетов. Қ. Таңламалы шығармалар топламы. Еки томлық. II том. – Нөкис: Билим, 2018.